



Massachusetts Immigrant Collaborative

Enfòmasyon sou vaksen COVID-19

Èske vaksen COVID-19 la ou ka pran-l an tout sekirite?

Wi! Ou ka pran vaksen yo an tout sekirite. Yap pwotejew ak lot moun pou nou pa gen Kowonaviris la. Pran vaksen ede sove lavi moun.

Eske mwen ka pran Covid-19 nan vaksen an?

NON! Vaksen yo pa gen viris ki bay kowonaviris la ladan yo, sa vle di yo pa ka fè-w malad.

Ou ka gen kèk efè segondè minim, men se yon siy ki prouve ke kòw ap aprann kijan poul pwotejew.

Mwen pa gen papye. Eske mwen ka pran vaksen an? Eske sa pap afekte stati imigrasyon-m?

Ou ka pran vaksen an menm si ou pa gen papye. Pran vaksen pap afekte stati imigrasyon ou menm ak fanmi-w. Règ Chaj public pa aplike pou vaksen .

Mwen te gen kowonaviris, èske mwen toujou bezwen pran vaksen an?

Wi, ou dwe vaksinen menm si ou te deja gen kowona. Menm si ou te geri de maladi a, li posib ke ou ka enfekte ankò.

Vaksen ki disponib Massachusetts yo te apwouve pa FDA e yo te fè prèv ke yo san pwoblèm e efikas nan tout esè klinik yo.

Moderna: 2 dòz (espas 28)

Pfizer: 2 dòz (espas 21)

Johnson & Johnson /Jenssen: 1 dòz

Vaksen Covid-19 la gratis, nenpòt moun kap viv, travay oubyen etidye nan eta Massachusetts ka pran vaksen an lè lè pal rive selon règleman eta Massachusetts.